E CONF SERIES
International Conference on Medical Science, Medicine and Public Health
Hosted online from Jakarta, Indonesia
Website: econfseries.com 30th March, 2025

# JOQARI KLASLARDA QARAQALPAQ ÁDEBIYATIN OQITIWDA ZAMANAGÓY SABAQ TÚRLERINEN PAYDALANIW

Islambek Yusupov
Berdaq atındağı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı
mámleketlik muzeyiniń jetekshi qánigesi

**Ключевые слова:** образ, метод, жанры, язык, обучение, процесс урока, произведение.

**Key words:** character, method, writing, genres, language, training, the process of the lessons.

X-XI klass oqıwshıları hárbir ádebiyat sabağında ótiletuğın temanıń maqseti hám mazmunna saykes motivaciya ólshemlerin anıqlawı kerek. Ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń qatnası hám qızığıwshılığı hár qıylı boladı. Sabaqlar nátiyjesin beretuğın usıllardıń biri – bul mashqalalı jağdaylardı sabaq baslanıwında oqıwshılarğa usınıs etiw yamasa ádebiy materiallardı da bayan etetuğın mashqalalı tapsırmalar beriliwi kerek. Mashqalalı jağdaylar tiykarında oqıwshılar ádebiyattağı temalar boyınsha qıyınshılıqtı, mashqalanı anıq yamasa shamalap bayanlaydı. Bul máselelerdi sheshiw ushın jańa bilimlerdi jańa usıl hám háreketlerdi izlep tabıwı talap etiledi. Eger oqıwshılardıń mashqalanı sheshıw uqıpları bolmasa, onda berilgen mashqalalı sorawlardı qabıl ete almaydı.

X-XI klaslarda qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq- pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıwdıń tómendegi usılları ámelge asırıladı: 1) Ádebiyat sabağınıń maqsetin izbe-izlikte islep shığıw hám pedagogikalıq texnologiyanıń tártibinen jaylastırıw sistemasın jaratıw. 2) Sabaqtıń maqsetine erisiw ushın hárqıylı metod hám usıllardı qollanıw. 3) Hárbir ádebiyatshı muğallimnen sabaqtıń dúzilisin islep shığıw hám nátiyjelerin bahalaw talap etiledi. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda informaciyalıq texnologiyalar keńnen qollanılıp, onda qaraqalpaq folklorı, ádebiyatqa baylanıslı jańalıqlar, xabarlardı oqıwshılarğa jetkeriw, qayta islep shığıw usılları hám metodikalıq kórsetpeler paydalanıladı. Ádebiyat páni boyınsha innovaciyalıq texnologiyalar bolsa, tálim hám tárbiya

beriwdıń ilimiy tiykarların oqıwshınıń kónikpelerine baylanıslı ámelge asırılatuǵın procesler jıynaǵı.

10-11-klaslar ushın arnalǵan qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlamasında berilgen materiallardı sabaq túrleri menen oqıtıw eń zárúrli máselelerden esaplanadı. Sabaq oqıtıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı túri sıpatında oqıtıw mashqalalarınıń wazıypaların belgilep alıw zárúr. Sol sıyaqlı qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń sapalı hám nátiyjeli bolıwı ushın mına metodikalıq talaplardı saqlawǵa baylanıslı boladı:

Oqıwshılarǵa arnalǵan qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵı mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasına muwapıq sabaqtıń maqseti hám wazıypaları, ondaǵı baslı hám ekinshi dárejeli máseleler anıq belgilenedı, oqıwshılardı bilim hám kónlikpeler sisteması menen qurallandırıw zárúr;

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda sabaqtıń maqseti: bilim beriwshilik, tárbiyalıq hám rawajlandırıw bolıp, oqıwshılardı watanǵa súyiwshilikke, xalqımızdıń tariyxın tereńnen biliwge, ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawǵa, olardıń sanasına óz watanı, xalqı ushın maqtanısh sezimin, milliy ideya menen ǵárezsizlik ideyalogiyasın sińdiriwge qaratılıwı kerek;

Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha ótiletuǵın sabaq barısında kishi toparlarda islesiw, uqıplı, talantlı hám tómen úlgeretuǵın oqıwshılar menen jeke islesiwdi támiyinlew, jaslardı bilimdi ózbetinshe izlep tabıwǵa, bilimdi ózbetinshe iyelewge ádetlendiriw, sabaq barısında oqıwshılardıń erkin pikirlewin, oy-órisi menen uqıplılıǵın rawajlandırıw zárúr.

Oqıtıwshı innovaciyalıq texnologiyalarǵa tiykarlanıp sabaqtı shólkemlestiriw barısında hár túrli texnikalıq qurallardan (kompuyter, proektr, elektron doska h.t.b) paydalanadı. Oqıtıwshınıń pedagogikalıq iskerliginde innovaciyalar qansha kóp bolsa, sabaqtıń mazmunı sonsha asadı. Ádebiyat sabaqlarında innovaciyalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlar haqqındaǵı túsinikler tereńlesip bekkem formaǵa iye boladı. Hárbir oqıtıwshı sabaq barısında jekke túrde jańalıq kiritiwi múmkin. Innovaciyalıq texnologiyalar oqıtıwshınıń óz tájiriybesinen kelip shıǵıp qollanıladı.

Zamanagóy sabaq – bul oqıwshılardıń bilim dárejesin rawajlandırıp, olardı hár tárepleme sanalı etip tárbiyalawǵa, berilgen tapsırmaǵa múnásábetlerin, temanı

durıs túsiniwge, erkin pikirlewge, sóylew mádeniyatın rawajlandırıwǵa baǵdarlaydı. Zamanagóy sabaqtıń maqseti anıq hám ólshemli bolıw kerek. Onıń maqseti sabaq nátiyjesi menen anıqlanadı. Ádebiyat sabaǵınıń jańa maqsetine oqıwshılar tárepinen orınlanatuǵın hám jekke ózleri ushın ahmiyetli ekenligin anıqlaytuǵın máseleler kiredi. Zamanagóy sabaqlarda pikirlesiw, videolar, sáwbetlesiw, rólli oyınlar, aqılıy hújim hám basqa da túrleri paydalanıladı.

Ádebiyat sabaǵına qoyılatuǵın zamanagóy tárbiyalıq talaplar: oqıwshılar óz betinshe pikir júritiw, jaqsı ádep ikramlıq sıpatlardı qáliplestiriw, alǵan bilimin turmıs penen baylanıstıra alıw, watannıń tariyxı, mádeniyatı, úrp ádetleri, insandı húrmet etiw, ilimiy dúnyalıq kóz qarasları, ekologiyalıq mádeniyattı ózlerinde qáliplestire biliw kerek.

Ádebiyat sabaǵına qoyılatuǵın psixologiyalıq talaplar: oqıwshılardıń jekke pisixologiyalıq ózgesheliklerin biliw, sanalı tárbiyalaw, bekkem erkti, erkin pikirley alıw, oqıtıwshılar mámleketlik tálim standartları tárepinen qoyılǵan talaplardı oqıwshılardıń jas ózgesheligine sáykes esapqa alıw hám ámelge asırıwdan ibarat.

Ádebiyat sabaǵına qoyılatuǵın gegienalıq talaplar: X-XI klastaǵı tazalıq, estetikalıq sezim menen oqıwshılarǵa beriletuǵın tapsırmalar olardıń jasına qarap orınlanıwı shárt.

Zamanagóy sabaqlarǵa qoyılatuǵın didaktikalıq talaplar: Ádebiyat sabaǵınıń tálim-tárbiyalıq maqsetin anıqlaw, sabaqtıń temasın qızıqlı ilimiy faktler menen belgilew, sabaq temasınıń mánisin, oqıwshılardıń óz betinshe pikirlewi, sabaqqa barlıq oqıwshılardıń qatnasıwın támiyinlew, oqıw materialların oqıwshılar tárepinen ápiwayı túrde qabıl etiw, turmıs penen baylanıstırıw, temanıń mazmunına sáykes oqıw metodların tallaw, olardan kóbirek oqıwshılardıń paydalanıwına erisiw eń zárúrli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Bul oqıw metodları tiykarınan oqıwshılardı izleniwge baǵdarlaydı. Oqıwshılardı bilim derekleri menen óz betinshe islewge úyretip barıw, oqıwshılardıń sabaq mazmunına sáykes jámiyetimizdıń rawajlanıw tarıyxı, úrp ádetleri hám bay miyrasları menen maqtanısh etiwge úyretiw, sabaq temasın basqa pánler menen baylanıslı úyretiw, sabaq temasına sáykes ekologiyalıq máselelerdi baylanıstırıw, sabaq barısında oqıwshılardıń bilim hám kónikpelerine qoyılǵan talaplardı tolıq orınlawǵa erisiw, oqıwshılar ózlestirgen bilimin ádil bahalawdan ibarat.

Sabaq barısında oqıtıwdıń pútinligi kózqarasınan tálimnıń tiykargı shólkemlestiriw usılı bolıp esaplanadı. Onda klass-sabaq sistemasınıń ózgeshelikleri sáwlelenedi. Oqıwshılar tártip hám oqıw isleriniń juwapkershiligi menen támiyinlenedi. Klass oqıwshılarınıń psixologiyalıq ózgesheligin biliw, oqıtıwshı hárbir oqıwshınıń iskerligin xoshametlep, olarǵa motivaciyalıq imkaniyatın beredi. Sabaq barısında ulıwma topar hám jekke oqıw formaların birlestiriw imkaniyatı esapqa alınıwı kerek. Sabaq tikkeley oqıtıwshı basshılıǵında anıq belgilengen waqıt dawamında oqıwshılar toparı menen alıp barılatuǵın tálim procesiniń tiykargı forması. Sabaqta hárbir oqıwshınıń psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alıw, barlıq oqıwshılardıń sabaq barısında úyrenetuǵın temanıń mazmunın iyelep alıwı, olardıń qábiletin hám ruwxıy ádep-ikramlıq qásiyetlerin tárbiyalaw hám rawajlandırıw ushın qolaylı shárayatlar jaratıladı. Sabaqtıń dúzilisi ápiwayı hám quramalı bolıwı múmkin. Bul oqıw materallarınıń mazmunı sabaqtıń didaktikalıq maqseti menen baylanıslı. Zamanagóy sabaq túrleri ózlestiriw sabaǵı, bekkemlew hám tákirarlaw sabaǵı, ulıwmalastırıw hám sistemalastırıw sabaǵı, tekseriw sabaǵı, bilim hám kónikpe islep shıǵıw sabaǵı bolıp bólinedi.

Zamanagóy sabaqqa metodikalıq qoyılatuǵın talaplar: 1. Pánnıń aldınǵı jetiskenlikleri innovaciyalıq-pedagogiyalıq texnologiyalardan paydalanıw, sabaqtı oqıw-tárbiyalıq process nızamlıqlarına tiykarlap shólkemlestiriw; 2. Ádebiyat sabaǵında barlıq didaktikalıq derekler hám qaǵıydalardıń optimal tiykarları menen támiyinlew; 3. Oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı, zeyinligi hám olardıń talapların esapqa alıw, olar tárepinen ádebiy materiallardı, alǵan bilimlerin puxta ózlestiriw ushın zárúr sharayatlardı jaratıw; 4. Oqıwshılar ańlap jetetuǵın pánler aralıq baylanıstı ornatıw; 5. Ótken sabaqta úyrenilgen bilim hám kónikpelerin, olardıń rawajlanıw dárejesin jetilistiriw; 6. Oqıwshınıń hár tárepleme rawajlanıwın motivaciyalaw hám iskerligin arttırıw, oqıw tárbiyalıq iskerlikti barlıq basqıshlarda qadaǵalap barıw, pedagogikalıq qurallardan nátiyjeli paydalanıw, kerekli bilim-kónikpe, sın pikirlew hám iskerlik usılların jetilistiriw, kerekli bilimlerdi mudamı bayıtıp barıw zárúrligin keltirip shıǵarıw. Hárbir sabaqtı puxta jobalastırıw, rejelestiriw hám baǵdarlaw.

X-XI klaslarda innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyanı mudamı, birdey qollanıwǵa hám aldınan jobalastırılǵan process dep bolmaydı. Sebebi, hárbir

klass, hárbir topar ushın oqıwshılardıń maǵlıwmatı, ilimiy qábileti, pikirlewi basqa da kórsetkishlerine baylanıslı bolsa, onda topardaǵı hárbir oqıwshı menen pedagogikalıq jaqtan qatnas jasaw arqalı olardıń oylaw qábiletleriniń tereńligi talap etiledi. Máselen, oqıtıwshı bir temanı oqıwshılarǵa basqa texnologiya tiykarında, yaǵnıy ádebiyat sabaǵınıń maqseti hám izbe-izligin, tártip hám jaylastırılıw sistemasın, sabaqtıń maqsetine erisiw ushın sabaqtıń jetiskenliklerin hám nátiyjelerin bahalawı ahmiyetli máselelerdıń biri boladı. Sonday-aq, 10-11-klass oqıwshılarına sabaq ótiwde oqıtıwshınıń aldınan jobalastırılǵan sabaǵın oqıtıw texnologiyası, klastıń tayarlıǵı, ondaǵı soraw-juwaplar, sonıń nátiyjesinde payda bolatuǵın jaǵdaylar tiykarında ózgeriwi múmkin. Pedagog anıq gózlegen nátiyjege erisiwi ushın yamasa óz bilimin oqıwshılar sanasına jetkerip, olarda rawajlandırıwshı iskerlikti payda etedi. Ádebiyat sabaǵın oqıtıwdıń tiykarǵı maqseti oqıwshıǵa aldınan anıq bir nárseni ózgertiw emes, túsinip oqıwǵa úyretiw, búgingi oqıwshılarǵa úyretiletuǵın texnikalıq qurallar, ayrıqsha kommunikaciya sistemasına baylanıslı texnologiyalardı paydalanıw, oqıwshılardıń óz betinshe usıllardan paydalanıw, jańa texnikalıq qurallar menen islew sırların biliwi, sol arqalı olarda ámeliy kónikpelerdi payda etiw eń kerekli metodikalıq másele esaplanadı.

X-XI klaslarda qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında informaciyalıq tálim hám islep shıǵarıw texnologiyaları boyınsha pánler aralıq intergraciyanı rawajlandırıwdan ibarat. Bul metodikalıq máseleler sabaq barısında informaciyalıq-pedagogikalıq hám islep shıǵarıw texnologiyaları arasında óz ara baylanıslardı sáykeslendirip bir-birin tolıqtırıp barıwı talap etiledi. Házirgi kúnde hárbir pedagogtıń informaciyalıq-kommunikaciyalıq texnologiyalardı hám texnikalıq sistemanı puxta biliwi talap etilmekte. Sonıń menen qatar pedagog jaslardı tárbiyalawda tereń bilimge iye muǵallim waziypasın orınlawı kerek.

X-XI klass ádebiyat sabaqlarında innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar hám zamanagóy texnologiyalıq qurallardı qollanıw jas awladtıń sapalı bilim alıwına tásir kórsetedi. Innovaciyalıq texnologiyalardı rawajlandırıw bolsa, tikkeley informaciyalıq texnologiyanıń jetilisiwine tiykar boladı. Oqıtıwshılar pedagogikalıq texnologiyadan sheberlik penen paydalana biliw dárejesin arttırıp baradı. Jáne de pedagogika iliminde innovatika termini kóbirek qollanıladı. “Innovatika” sózi – bul

"jańalıq kirgiziw" mánisinde qollanıladı. Joqarı klass oqıwshılarınıń ádebiyat pánin ózlestiriw iskerligine baylanıslı jańasha oqıtıw usılların nátiyjeli paydalanıw, oǵan tásir etiwshi maqsetke baǵdarlanǵan ózgerislerdi, jańalıqlardı kirgizip barıw kerek. Joqarı klaslar ushın arnalǵan ádebiyat sabaǵın oqıtıw barısında innovaciyalıq texnologiyalardı ónimli paydalanıp, oqıwshılardıń úyrenip atırǵan temaları boyınsha bilim alıw uqıplıǵın hám oqıwshınıń sanasın, bilimin jetilistiriwge qaratılǵan oqıtıwdıń zamanagóy usılları hám texnikalıq quralların esapqa alıw kerek.

X-XI klass oqıwshılarına ádebiyat temalarına baylanıslı pedagogikalıq texnologiyalardı hám jańalıqlardı tarqatıw derekleri boyınsha oqıwshılardıń pikirlerin, óz betinshe jumıslardı orınlaw imkaniyatların jaratıw zárúr. Sonlıqtan oqıtıwshılar ádebiyat baǵdarlamasındaǵı ádebiy materiallardı innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar hám informaciyalıq quralllar járdeminde oqıwshılardıń jekke ózgesheliklerin, pikirlew kompetenciyasın, jámiyette tutqan ornın tereńnen túsinip barıwı tiyis.

X-XI klaslarda qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵın jobalastırıwda modullar sisteması úlken áhmiyetke iye. Ádebiyat páni boyınsha modul – bul innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyanı shólkemlestiriwdıń tártip basqıshların ańlatıwshı túsinik. Bul modullar úlken modul, orta hám kishi modullar bolıp bólinedi. Máselen, qaraqalpaq ádebiyatı pániniń birinshi bólimine arnalıp modul dúziliw múmkin. Sonlıqtan sabaqtıń babı, bir-birine jaqın bólimler úlken moduldı, sabaqlıqta bólek temalar orta moduldı, ondaǵı bir tema jobası kishi moduldı keltirip shıǵaradı. 1) Birinshi bólim: qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxı, 2-3-4- bólimler úlken modullar 2) Sabaqlıqta berilgen ekinshi bólim: XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatına baylanıslı temalar orta modul, jeke temalar yamasa "T.Qayıpbergenovtıń dóretpeleri" teması kishi modul boladı.

X-XI klaslarda ádebiyat sabaǵın oqıtıwda oqıtıwshı interaktiv oqıtıw texnologiyaların ónimli paydalanıwı kerek. Ádebiyat sabaǵında interaktiv oqıtıw – bul oqıwshı ózindegi bar bilimnen paydalanıp sabaq barısında háreketsheń qatnasadı. Ádebiyat sabaqlarında "interaktivlik" sózi qollanıp, onda oqıwshılar tema boyınsha óz ara pikirlesip, múnásebetler bildirip, dialog túrinde sáwbetlesiw ótkeredi. Sol sebepli interaktiv oqıtıwdı kópshilik pedagoglar dialoglı oqıtıw dep

ataydı. Dialoglı oqıtıw – bul dástúriy oqıtıw usıllarınıń biri. Sonlıqtan "oqıtıwshı-oqıwshı", "oqıtıwshı-oqıwshılar toparı", "oqıtıwshı-klass", "oqıwshı-kompuyter" sıyaqlı formalarda ótkeriledi. Oqıtıwshı interaktiv texnologiyalar menen ótken sabaqlarında oqıwshı tek passiv tıńlawshı sıpatında emes háreketsheń pikip bildiriwshi, soraw beriwshisi sıpatında qatnasadı.

X-XI klaslarda qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv texnologiyalardı qollanıp sabaqtıń nátiyjeligin hám sapasın arttırıw, dástúriy sabaq túrlerinen ózgeshelenip turadı. Ádebiyat sabaqlarında interaktiv texnologiyalardı qollanǵanda, sabaq bir pútin túrinde emes, sabaqtıń basqıshlarında qollanadı. Bul usıllar oqıwshı menen oqıtıwshınıń óz ara baylanısı hám oqıwshılardıń sabaq dawamında háreketsheń qatnası menen belgilenedi. Interaktiv usıllar sabaq barısında temanıń maqseti hám wazıypasına, oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵına baylanıslı qollanıladı.

## ÁDEBIYATLAR

1. Юсупов Қ. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. (sabaqlıq). – Tashkent., Сано-стандарт, 2018. – 336 bet.
2. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
3. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.
**4.** Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.